



**DEPATMAN LAPOLIS KONTE SUFFOLK  
(SUFFOLK COUNTY POLICE DEPARTMENT, SCPD)  
RÈGLEMAN AK PLAN POU AKSÈ NAN LANG  
(LANGUAGE ACCESS POLICY & PLAN, LAP)**



*Sa ki anba la a se yon rezime LAP.*

***Ou kapab wè LAP okonplè sou sitwèb SCPD oswa nan nenpòt biwo SCPD.***

---

**Objektif:** Pou asire tout sitwayen yo kapab gen aksè nan menm nivo sèvis lapolis kèlkeswa konpetans yo pou pale oswa konprann lang Anglè.

---

- SCPD te idantifye sis lang ki pi komen moun ki Pa Pale Anglè Byen (Limited English Proficiency, LEP) pale: ***Panyòl, Chinwa Mandaren, Italyen, Polonè, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen.***
- Nou **P AP** itilize sèvis èd SCPD nan lang kòm yon rezon pou mande poze yon moun kesyon sou sitiyasyon imigrasyon li.
- SCPD fè yon patenarya avèk dirijan kominote latino-ameriken yo epi nou fè sondaj chak trimès pou jwenn kòmmanchè sou fason nou bay sèvis èd nan lang.
- Nou mete pano nan tout biwo piblik SCPD nan sis lang komen ki pa Anglè, pou nou fè konnen disponiblite entèprèt gratis.
- Tout manm SCPD gen aksè nan Language Line, ki se yon sèvis entèprèt nan telefòn 24 sou 24, ak 7 jou sou 7, nan plis pase 200 lang.
- Telefòn Language Line ki gen Konbine Doub disponib nan tout biwo piblik SCPD, epi 38 vwati sektè a ekipe avèk telefòn selilè Language Line.
- Tablo Idantifikasyon Lang disponib nan tout biwo piblik SCPD ak nan tout vwati sektè yo.
- Operatè 911 k ap detèmine yon moun ki rele se LEP k ap konfime pi bon lang moun LEP ki rele, epi ki itilize operatè bileng 911 oswa Language Line pou kominike nan lang lan.
- Pandan ofisye SCPD yo ap fè patwouy epi k ap bay sèvis pou moun LEP yo, y ap detèmine pi bon lang moun nan avèk Kat Idantifikasyon Lang, si li nesesè. Ofisye ki nou sètifye ki pale de lang nan pui bon lang moun nan ap kominike nan lang lan. Ofisye nou pa sètifye ki pale de lang ap itilize yon Entèprèt sètifye SCPD oswa Language Line.
- N ap itilize zanmi, manm fanmi, ak moun k ap pase kòm entèprèt pou yon ti tan nan sitiyasyon ijans yo.
- Yon Entèprèt sètifye oswa yon ofisye k ap itilize Language Line ap fè entèvyou avèk Moun LEP ki viktim, temwen, oswa sispèk yo. Ofisye yo ap li avètisman Miranda (Konsèy sou Dwa [Advice of Rights]) nan yon pi bon lang sispèk la, epi yon Entèprèt sètifye SCPD oswa Language Line ap pran deklarasyon/konfèsyon yo.
- N ap pran plent kont nenpòt manm SCPD nan pi bon lang moun LEP ki depoze plent lan avèk yon Entèprèt SCPD sètifye oswa Language Line.
- Fòm pou Fè Konpliman/ Depoze Plent disponib sou entènèt ak nan tout biwo piblik SCPD nan sis lang ki pi komen yo epi ki pa Anglè. Fòm sa yo bay lektè a enfòmasyon ki endike gen sèvis entèpretasyon ki disponib gratis, epi yon liy plent nan lang Panyòl ki la disponib tou: **631-775-2077**
- Ofisye Lyezon Kominote, Ofisye COPE, Ofisye Resous Lekòl toujou gen yon bon jan relasyon avèk dirijan Latino-Ameriken yo ak popilasyon LEP yo pou asire aplikasyon SCPD LAP fèt yon fason ki efikas.
- Biwo Afè Entèn (Internal Affairs Bureau) SCPD fè ankèt sou tout plent ki konsène aksè nan lang.
- LAP disponib pou piblik la nan tout bilding SCPD ak sou sitwèb Depatman an.
- Nou tradui dokiman enpòtan nou idantifye yo nan sis lang ki pi komen yo, epi dokiman tradui yo disponib nan tout biwo piblik SCPD ak sou sitwèb Depatman an @ [apps.suffolkcountyny.gov/police/index.htm](https://apps.suffolkcountyny.gov/police/index.htm)